




Harvard Pilgrim
Health Care

a Point32Health company

Kite Sal Ijans lan (ER) pou Ijans



Si se pa yon ijans, ou dwe rele Founisè Swen Primè ou a (PCP).

Si w ale wè PCP ou a w ap ekonomize yon kopèman \$100 olye de si w te ale nan ER.

PCP ou a ka ede w deside sou ki kote pou w ale pou w jwenn swen ou bezwen yo.

Rele **911** oswa ale nan sal ijans lopital ki pi pre w la si w panse ou gen yon pwoblèm medikal ki ka mete lavi w oswa manm ou yo an danje si w pa jwenn swen tousuit.

Èske se yon Ijans?

Wi

Ale nan ER ki pi pre w la oswa rele
911 pou:



Difikilte pou
w respire



Endispoze/Pèdi
konesans



Doulè oswa presyon
nan pwatrin



San ki pa vle
kanpe



Touse/vomi san



Pran nan pwazon



Gwo doulè
sanzatann



Blese ki gav
tankou zo kase



Bò figi ki tonbe sanzatan
oswa feblès nan yon bra
oswa nan yon janm



kopèman ER = \$100
(si yo entène w, y ap anile l)

Non

Rele PCP ou a pou:



Grip



Gòj fè mal



Ti blese



Zòrèy fè mal



Pa itilize ER pandan lè
fonksyonman nòmal
doktè a pou pwoblèm ki
pa yon ijans PCP ou a ka
ba w swen pou li.

Ou pa ka jwenn PCP ou a?



Urgent Care

Medical care swen ijan swen
medikal pou yon maladi oswa yon
blese ki rive sanzatan ki pa mete
lavi w an danje men ou pa ka tann
pou w ale wè PCP ou a.




kopèman PCP = \$0



Sèvis ijans yo la pou blese
oswa maladi sanzatan ki grav

Founisè Swen Primè (PCP) ou a ka ede ou menm ak fanmi w jwenn swen yo bezwen an



Yon PCP ap ede ou pran swen sante w epi l ap ede w jwenn swen ou bezwen yo, lè ou bezwen yo plis la.


PCP ou a ap ba okipe l de pifò swen sante woutin ou yo tankou egzamen medikal, vaksinasyon, swen prevansyon, konsiltasyon pou tibebe ak anpil lòt bagay ankò. Si ou bezwen wè yon espesyalis, PCP ou a ap ba w yon referans pou w ale wè yon moun ki nan Select Network la ki ka ede w pi byen.

Poukisa li enpòtan pou m genyen yon PCP?

PCP mwen an...




Ap ban m vaksen
pou grip



L ap ede m
kontwole dyabèt
mwen an



L ap vlope
cheviy mwen
ki foule a



L ap ban m
medikaman
pou grip



L ap asire l
tibebe m lan
an sante



L ap pran
swen m



L ap sonje kiyès
mwen ye chak lè
mwen wè l



L ap voye m ale wè pi
bon espesyalis ki nan
Select Network la pou
m jwenn swen mwen
bezwen yo

Founisè swen primè (PCP) ou a ap priyorize sante w

Se poutèt sa li enpòtan pou w ale wè PCP ou a pou swen woutin yo ak pou swen ki pa yon ijans yo. PCP ou a ka fè w jwenn swen ou bezwen yo pou ede w an sante epi pou w rete an sante!